



MOIS DU CRÉOLE À MONTRÉAL - 25^E ÉDITION MWA KREYÒL MONREYAL – 25ÈM EDISYON

KOMINIKE POU LAPRÈS Pou difizyon san pèdi tan

**AN OKTÒB 2026, MOND KREYÒL LA AP SELEBRE 25 AN
ANGAJMAN POU PWOMOSYON LANG AK KILTİ KREYÒL YO**

KEPKAA lanse yon gwo apèl pou mobilize tout kominote kreyolofòn yo.

Monreal (Kebèk, Kanada), Jiyè 2026 — Sa gen vennsenk (25) ane, nan dat 5 oktòb 2002, KEPKAA te lanse « **Mwa Kreyòl** » la nan vil Monreal. Depi lè sa a, inisyativ sa a vin tounen youn nan pi gwo randevou entènasyonal ki konsakre pou pwomosyon lang ak kilti kreyòl yo. Pandan tout ane sa yo, « Mwa Kreyòl » la vin tounen yon senbòl dyalòg ant pèp kreyolofòn yo ak sosyete kote yo ap viv, pandan li kontinye ap fè lang ak kilti kreyòl yo monte drapo yo byen wo sou sèn entènasyonal la.

Soti 3 rive pou 30 oktòb 2026, KEPKAA ap prezante nan Monreal **25yèm edisyon Mwa Kreyòl la**, yon edisyon espesyal k ap make 25 lane evènman an, anba tèm « **dyalòg, transmisyon konesans, solidarite ak divèsite kiltirèl** ».

Pou make gwo moman sa a, KEPKAA envite tout medya yo, lekòl yo, inivèsite yo, sant rechèch yo, bibliyotèk yo, enstitisyon piblik yo, òganizasyon kiltirèl ak kominotè yo, ansanm ak tout asosyasyon ki ann Ayiti, Matinik, Gwadeloup, Giyan, LaReyinyon, Lil Moris, Sesèl, LaDominik, Sent Lisi, Kap Vè, Lwizyàn ak tout lòt kominote kreyolofòn yo pou yo patisipe nan gwo mobilizasyon entènasyonal sa a.

Chak òganizasyon, selon reyalite pa li ka reyalize yon aktivite: konferans, kolòk, ekspozisyon, spektak, emisyon radyo oswa televizyon, balado, piblikasyon, aktivite pedagogik, konkou, jounen tematik oswa nenpòt lòt inisyativ ki kapab ankouraje pwomosyon lang ak kilti kreyòl yo.

KEPKAA swete tou pou medya ki sèvi kominote kreyolofòn yo bay 25yèm edisyon sa a yon plas espesyal. Sa ka pran divès fòm: entèvyou, repòtaj, emisyon espesyal ak dosye ki mete an valè vitalite sosyete kreyolofòn yo.

Kominike sa a se premye apèl pou mobilizasyon. Nan kòmansman mwa septanm nan, KEPKAA pral prezante ofisyèlman pwogram konplè 25yèm edisyon an, atis envite yo, patnè yo ansanm ak prensipal aktivite ki pral make selebrasyon sa a.

Antretan, KEPKAA lanse yon apèl bay gouvènman yo, enstitisyon yo, lekòl yo, inivèsite yo, òganizasyon kiltirèl yo, medya yo, bibliyotèk yo, atis yo, ekriven yo ak tout lòt òganizasyon kreyolofòn atravè lemond pou yo poze yon jès konkrè pou make 25yèm anivèsè sa a. Chak inisyativ ap kontribye pou fè lang nou yo, patrimwàn nou ak eritaj komen nou briye pi plis toujou.

Ann fè 25yèm edisyon sa a pa sèlman yon selebrasyon nan Monreal, men tou yon gwo mouvman entènasyonal tout pèp kreyolofòn yo ap pote ansanm. Ann ekri, men nan men, yon nouvo paj nan listwa kreyolite a.

Enfòmasyon epi sous:

Sèvis Kominikasyon KEPKAA

Komite Entènasyonal pou Pwomosyon Kreyòl ak Alfabetizasyon

Monreal (Kebèk, Kanada)

514 802-0546 oswa kepkaa@videotron.ca